**«Бекалахь, ненан мотт тахна!»**

**ц1е йолу ненан меттан к1ира д1адерзош суьйре д1айахьар**

**1алашо:** вайн мотт уггаре а исбаьхьчу а, хьалдолчу а, хазачу а меттанех цхьаъ хилар довзийтар; вайн а, кхечу къаьмнийн а яздархоша а, 1илманчаша а нохчийн меттан хадийна лакхара мах бовзийтар; дешархойн дегнаш чу шайн ненан матте безам кхоллар.

**Г1ирс:** суьрташ, интерактивни у, компьютер, магнитофон, к1удалш.

**Хьехархо:** Мусаев Насруддин Хеди

**Классаш:** 5-7

*Хаза кечйина чоь. Д1атоьхна ненан маттах говза аьлла дешнаш. Масала:*

*«Ненан мотт цахаар шен кхерч цаларар ду,*

*Кхерчан да цахилар маьттаза вахар ду». (Саидов Б.)*

*«Йистйоцу х1орд санна, бу хьуна шорта*

*Ша хууш волчунна вайн нохчийн мотт». (Арсанукаев Ш.)*

*«Даймехкан иллига шен безам боцург*

*Ша винчу махкаца з1е йоцуш ву».*

*Суьйрене кхайкхина хила тарло йуьртара ларамe нах, аьтто белахь, йаздархой, поэташ, нохчийн маттаца шовкъ йолу 1илманчаш.*

*Экрана т1ехь «Ненан меттан де кхайкхоран Указ».*

*Г1ийла хезаш халкъан мукъам.*

**Цхьаьнакхетар д1адахьаран кеп:**

**Ненан маттах хьехархочун дош:**

- Ларамe хьеший! Хьоме хьехархой, дешархой! Вайн республикехь массо школашкахь санна, вайн школехь а д1адаьхьира «Ненан меттан к1ира».

Вайн кхин цкъа а таро хилира цу инзаре мерзачу тулг1енийн хьостанах хьарча. Вайна хезира, вайн синойх хьакхабелира ховхачу ненан меттан ницкъ, цуьнан г1айг1а ойу дешнаш, дог ойу иллеш, цуьнан йуьхье доьналла.

Бакъболчу нохчийн матто, ненан шурица йеллачу оьздангалло, и ларйан беллачу ницкъо бен, веш вац бакъволу нохчо.

И сийлахь ц1е ларйан кхетам лойла вайна Дала! (*Т1араш туху.*)

**1-ра д1ахьошверг**

Аганан иллица со вижош, Нана,
Вайн матте сан марзо кхиийра ахь
Т1аьххьарчу т1аьхьено хестабеш кхана
Хьомсара нохчийн мотт, хьо бахалахь

**2-г1а д1ахьошверг**

Салам-маршалла ду шуьга лераме хьеший, хьехархой, хьомсара накъостий!
 Таханлера вайн цхьаьнакхетар а нохчийн маттана лерина ду. Кхузахь вай юха а довзуьйтур ду, нохчийн мотт хаза а, оьзда а, хьалдолуш а хилар. Иштта довзуьйтур ду, вешан мотт вайна безар, даима цуьнан сий дарца вай даха дезаш хилар а.

**1-ра д1ахьошверг**

25- г1а апрель, вайна ма-хаъара, нохчийн меттан деза де лерина ду. Иза билгалдаьккхина вайн Президента Кадыров Ахьмад-Хьаьжин Рамзана даьккхина долу 2007-чу шеран №207 Указаца.

**2-г1а д1ахьошверг**

Вай долчу хьошалг1ахь йу тахана ишколан директор йолу Самбиев Мирзин Малика, цуьнан г1оьнча Буруев Тимирсолтин Джанару, Юсупов Турпал-1елин Элина, оьрсийн меттан хьехархо Салмурзаев Бауддин Хедижат, нохчийн меттан хьехархо Дециев Вахарсолтин Луиза, Нуцулханов Валидан Милана, дешархой наной а. Вай х1инца цаьрга дош долуьйтур ду.

**1-ра д1ахьошверг**

Х1ун хир ду ненал сийлахь а, деза а. Нанас оьздачу маттахь кхетош – кхиош, набарна дийшош, хазачу мукъамехь илли олуш, дагчу бижийна вайна х1ара ненан мотт. Ткъа цуьнан хазалла вайна тахана йовзуьйтур йу «Ненан мотт» ц1е йолу илли аларца вайн дешархоша.

**2-г1а д1ахьошверг**

Ткъа вай нохчий ду. Дуьне къоьлличахьана оьздангаллийца, майраллийца, комаьршаллийца, яхьца г1арадаьллачу къоман адамаш ду вай. Нохчийн нанас нохчийн маттахь г1иллакх-оьздангалла а хьоьхуш, схьадог1у вай таханлерачу дийне. Цу г1иллакх-оьздангаллин мехала йевзар йу вайна «Собар-ийманан бух» ц1е йолу сценка дешархоша х1оттайарца.

**1-ра д1ахьошверг**

Вайн ненан мотт вайна Дала белла бу, цу маттахь къамелаш дина ширчу заманахь дуьйна баьхначу вайн дайша, хьехамаш бина эвлайааша, и бийцина Таймин Биболата, Эвтархойн Ахьмада, Адин Сурхос, Харачойн Зеламхас, Шерипов Асланбека, Нурадилов Ханпашас, Кадыров Ахьмад-Хьаьжас…. Ткъа х1инца «Нохчо ву со» стихотворени д1айоьшу 5 в классера дешархочо Кусаев Юсупа.

**2-г1а д1ахьошверг**

Вайн нохчийн къомо даимна а лаккхара мах хадош, лийрина мехкарийн оьзда, хаза хелхар. Цу хелхаран хазалла гойтур ю вайна тахана 5 «б» классера дешархоша.

**1-ра д1ахьошверг**

Цу маттахь исбаьхьаллин хазна кхоьллина вайн нохчийн г1арабевлла поэташа, йаздархоша. Иштта, Шайхи Арсанукаевс йазйина «Ненан мотт» ц1е йолу байт д1айоьшур йу вайна 5 «б» классера дешархочо Цициева Матас.

**2-г1а д1ахьошверг**

XIX-чу б1ешарахь ваьхначу Кавказан этнографа, воккхачу 1илманчас Петр Карлович Услара иштта аьлла вайн маттах лаьцна: «…Нохчийн мотт ч1ог1а къен хетар даржош берш, цунах цхьана а кепара кхетам боцу нах бу. Мелхо а, и мотт, шен г1оьнца адаман ойланан уггаре а к1орггера аг1онаш а йийцалур йолуш, ч1ог1а хьалдолуш бу». Ткъа х1инца «Ненан мотт» ц1е йолу сценкица йукъабевр бу вайн дешархой.

**1-ра д1ахьошверг**

Х1инца ладог1а таро хир йу «Гирий шуна» ц1е йолчу иллига. Д1аолу 6б классера дешархочо Хажиматова Ясминас

**2-г1а д1ахьошверг**

Таханлера вайн цхьаьнакхетар д1адерзош вайн къоман оьздачу хелхарца дерзор ду вай.

**1-ра д1ахьошверг**

Дала ненан мотт беза, цуьнан сий дан, иза к1орггера бовза, г1иллакхе, оьзда и бийца а ницкъ лойла вайна! Цу т1ехь чекхдолу вайн цхьанакхетар. Ладог1арна баркалла. 1одика йойла шун, марша 1ойла!

